



Sèvis Matènité CHA





Para proteger nossos pacientes e funcionários contra a COVID, todas as aulas, passeios e eventos estão suspensos. Por favor, visite Challiance.org para ver atualizações atualizadas.

Sèvis Akouchman

Akouchman se youn nan evenman ki pi enpòtan nan lavi. Nou konnen sa, kidonk nou asire ke ou gen tout swen ak sipò w bezwen. Doktè nou yo, fanmsaj, asistan doktè, doula, ak lòt anplwaye yo travay pou fè tan sa a espesyal pou ou.

Fanmi yo gen de opsyon: Depatman Matènité nou an oswa anviwonman tankou lakay nan Sant Nesans nou an. Nenpòt opsyon ou chwazi, sante w ak sante tibebe ap nan bon men.

Nou gen sèvis ou bezwen yo:

- Swen avan akouchman gen ladann
 - Tès avan akouchman
 - Konsèy Jenetik
- Tranche
- Akouchman
- Swen apre akouchman
- Anestezi
- Pedyatri
- Swen pou Ti bebe
- Edikasyon pou Akouchman
- Konsiltasyon pou bay tete
- Sipò doula

Swen Espesyal

Si ou ta bezwen swen nan men yon espesyalis pandan gwo sè, ou nan bon men. Ou pral gen aksè nan ekspè obsterisyen CHA nou yo-doktè jinekològ ansanm avèk espesyalis ki nan lopital patnè nou yo: Tufts Medical Center (TMC), Beth Israel Deaconess Medical Center (BIDMC), ak Massachusetts General Hospital (MGH). Sa fè ke ou menm ak ti bebe a pral toujou jwenn bonjan kalite swen.

Medsin Fetal Matènèl

Sèvis sa a se pou fanm, trangr, seks agrandi yoki gen gwo sè ki gen risk e li pèmèt nou gade sante manman an ak pitit la menm lè pou redwi faktè risk yo.

Ou ka jwenn aksè tou nan konsèy jenetik sou plas ak tès avan akouchman.

Neyonatolojis

Doktè sa yo pran swen ti bebe ki gen gwo risk ki fèt avan lè yo, ki pa gen anpil pwa, ki jimo oswa trip, oswa ki gen lòt problèm sante.

Edikasyon sou Gwo sè ak Akouchman

YoMingo – Aprantisaj Anliy

Menm lè se premye oswa katriyèm pitit ou, nouvo paran yo bezwen tout kalite èd posib. Edikasyon sou akouchman, konsèy, rapèl ak tout sòt enfòmasyon itil yo disponib sou YoMingo. Vizite challiance.org/YoMingo pou w ka enskri jodi a!

Sipò pou fè Alètman

Alètman an pèmet ni ou menm, ni bebe a nou gen fòs e nou rete an sante, men li pa toujou parèt fasil. CHA gen konsiltan pou bay tete ki sètifye nan Konsèy Administrasyon an ki ka rankontre w anvan w fè tibebe w la pou w pale de benefis ki genyen nan bay tete. Yo ka ede w tou apre tibebe w la fèt.

Rele **617-665-1264** pou plis enfòmasyon ak pou pran yon randevou.

Ekip nou yo

Pèsonèl doktè ekspè nou yo, asistan doktè, enfimèy, fanmsaj, asistan enfimyè, ak doula yo fyè pou yo travay avèk fanm pou ba yo bonjan kalite swen sante.

Konsènan Doktè nou yo

Doktè nou yo espesyalize nan tout aspè nan sante fanm, enkli swen avan akouchman ak akouchman, e yo travay ansanm avèk kòlèg nan premye swen, sèvis ti bebe, sante mantal, planin familyal, ak nitrisyon, pou yo bay pasyan tout laj yon swen ki byen koòdone. Doktè nou yo gen randevou klinik nan toude Harvard Medical School ak Tufts University School of Medicine.

Konsènan Enfimyè Matènité nou yo

Enfimyè sousye ak kalifye nou yo konsantre sou byennèt manman an ak ti bebe yo- avan, pandan, ak apre akouchman an. Sa gen ladann edike nouvo pasyan yo, sipòte attachman manman-ti bebe ak bay tete, ak kontwole sante jeneral toude pasyan yo pandan n ap kenbe yon anviwonman ki santre sou fanmi.

Konsènan Fanmsaj nou yo

Fanmsaj yo bay swen konplè pou fanm, transgr ak moun seks agrandi ki gen tout laj. Sa gen ladann grosès, akouchman, planin familyal ak swen pou byennèt pasyan. Yo antrene nan toude branch yo enfimyè ak fanmsaj e yo sètifye pa American College of Nurse-Midwives. nan Massachusetts, e yo gen lisans kòm enfimyè pratik avanse.

Fanmsaj yo se ekspè nan gwo-sès nòmal ak akouchman. Yo travay ansanm avèk doktè OB/GYN CHA pou si yon gwo-sès ta vin riske.

*“Mwen kontan pou m nan
yon plas ki bay fanm diferan
opsyon sou kijan ak ki kote
pou l akouche.”*

- Kathryn Rowan, CNM



Plas pou Akouchman

Maternity Suite

1493 Cambridge Street
Cambridge, MA 02139

Depatman Matènité a ak Sal Ti bebe Nivo I an nan CHA Cambridge Hospital pèmèt nou baw pi bon swen nan peryòd doulè, akouchman, ak sejou apre akouchman w.

Chak gwo chann nou yo gen yon basen Jacuzzi ak TV, e plizyè nan chann yol è w ladan yo w ap gade anba lavil Boston.

Pasyan yo gen aksè nan Sèvis Anestezi nou an 24 èdtan sou 24. Epi ti bebe w la pral jwenn bon swen nan men ekip Pedyat nou anki la 24 èdtan sou 24.

Tanpri mete w alèz pou w vizite nou ak rankontre ak anplwaye nou yo. Sa ap mete w pi alèz ak fè w konnen kisa pou w atann pandan sejou w avèk nou.

Cambridge Birth Center

10 Camelia Avenue
Cambridge, MA 02139

Cambridge Birth Center chita nan yon bél kay Victorian anfas CHA Cambridge Hospital. Li se yon opsyon pou fanm, transgr ak moun seks agrandi yo ki ansent ki pa gen gwo risk e ki vle yon akouchman ki pi natirèl tankou lakay yo. Pasyan yo ka resevwa swen anvan akouchman yo tou nan Sant Akouchman an. Sant la dirije pa Fanmsaj yo e Department Obstetrik/Jinekolojik nou an sipòte li. Sant Akouchman an gen anpil valè e li sèvi fanm ki soti toupatou nan mond lan.

Pou plis enfòmasyon vizite:
www.challiance.org/baby



AFFILIATED WITH



MassGeneral Hospital
for Children



HARVARD MEDICAL SCHOOL
TEACHING HOSPITAL

Tufts
UNIVERSITY | School of
Medicine

1493 Cambridge Street • Cambridge, MA 02139 • www.challiance.org

Cambridge Health Alliance se yon sistèm swen akouchman dinamik ak entegre ki angaje pou l bay tout mamm nan kominate a sèvis ki esansyèl. Avèk plis pase 150,000 pasyan ki nan Cambridge, Somerville, ak Metro North Boston, CHA se yon founisè de chwa lokal pou premye swen, swen espesyal, sèvis ljans, matènité, swen lopital, ak sante konpòtman. PasyanCHA yo resevwa bonjan kalite swen nan katye ki apwopriye e yo gen aksè san pwoblèm nan swen avanse atravè afilyasyon CHA avèk Beth Israel Deaconess Medical Center (BIDMC) ak MGH pou Timoun.

Angajman CHA ak kominate a ale pi lwen pase sèvis pasyan yo. CHA opere Cambridge Public Health Department e li kolabore avèk plizyè ajans ak òganizasyon pou l amelyore sante rezidan lokal yo. Li bay yon rezo sekirite vital pou popilasyon ki defavorize yo ki gen baryè pou yo jwenn swen. Atravè pwogram rezidans afilye yo nan Harvard Medical School, Harvard School of Public Health, Harvard School of Dental Medicine, ak Tufts University School of Medicine, CHA ap fòme founisè swen pou demen.

